



Avantaj ki genyen nan bay tete — pou ou menm ak tibebe w la

Enfòmasyon ak resous pou ede w

Nou tout vle sa ki pi bon pou ou menm ak nouvo manm fanmi w lan. Se poutèt sa yo vrèman ankouraje manman ki ka bay tete yo pou yo fè sa. Pou ede rann bagay yo pi fasil, men kèk enfòmasyon sou fason pou bay tete. Jwenn enfòmasyon sou avantaj yo ak ki kote ou ka jwenn èd si ou bezwen l.

Poukisa ou dwe bay tete?

Bay tete se yon bagay ki bon ni pou manman an ni pou tibebe a. Lèt manman se pi bon sous nitrisyon pou pifò tibebe. Ofiramezi yon tibebe ap grandi, lèt manman chanje pou li satisfè bezwen nitrisyon tibebe a k ap grandi a. Epitou, li ka ede pwoteje tibebe a ak manman an kont sèten maladi. Gen sèvis sipò pou laktasyon ki disponib tou. Sa a gen ladan vizit kay konsiltan laktasyon ki sètifye, resous edikatif ak sipò pou ede w bay tete byen.

Kontinye →

Avantaj pou manman an ak tibebe a

Bay tete ka ede diminye risk yon manman pou li fè:

- Tansyon wo
- Dyabèt tip 2
- Kansè ovè
- Kansè nan tete

Bay tete ka pwoteje tibebe a kont:

- Opresyon ak alèji
- Dyabèt tip 2 ak obezite
- Maladi (respiratwa) nan zòn anwo ak zòn anba poumon
- Rim, viris ak enfeksyon nan zòrèy
- Sendwòm lanmò sibit tibebe (SIDS)

Lòt avantaj ki genyen nan bay tete

- Ekonomize tan ak lajan
- Ede manman an ak tibebe a kreye yon bon lyen youn ak lòt
- Ede manman an detann li epi jwi bon moman ak tibebe w la
- Li ede kò a boule plis enèji pou pèdi pwa li te pran pandan gwosès la

Ki moun ki ka bay tete?

Pifò manman, tout laj, ka bay tete. Pami yo, gen fanm ki gen ti tete ak manman ki te akouche marasa oswa plizyè tibebe oswa ki te fè yon sezaryèn. Fanm k ap travay oswa ki lekòl ka bay tete tou.

Avantaj ki genyen nan ponpe lèt tete

Petèt ou prale yon kote ki lwen tibebe w la pandan yon lè li dwe bwè lèt. Oswa ou ka santi w pa alèz pou ou bay tete an piblik. Petèt patnè w la vle ede w bay tibebe a lèt tou. Yon ponp tete ka ede nan tout sitiyasyon sa yo. Li ofri plis fleksibilite paske li pèmèt ou estoke lèt ou. Apre yon tan, tibebe a ka bwè l nan yon bibwon.

Antanke yon manm Plan UnitedHealthcare Community, ou kapab jwenn yon ponp tete elektrik ki gratis pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan **1-888-716-8787**, TTY/TTD **711**, Soti Lendi rive Vandredi, apati 8 a.m. jiska 7 p.m.

Ou gen sipò

Bay tete kapab yon bèl eksperyans, men li pa toujou fasil. Si w gen difikilte pou fè sa, ou dwe gen jantiyès avèk tèt ou. Sonje ou pa poukont ou. Pale ak founisè w la, doula, fanmsaj, oswa espesyalis laktasyon w lan ki ka ede w.

Nou la pou ede w

Ou bezwen èd pou jwenn swen oswa pou pran randevou pou vizit byennèt timoun? Nou ka ede w konekte ak resous ou bezwen ni pou ou menm ni pou bebe w la. Tanpri tchat ak Sèvis Manm yo sou **aplikasyon UnitedHealthcare®** la oswa **myuhc.com/communityplan**.

Resous pou sipò

La Leche League –

Bay tete se yon eksperyans aprantisaj, menm si ou pa yon manman premye fwa. Chak manman ak tibebe diferan. Ale sou LLLI.org pou jwenn divès kalite resous ak enfòmasyon sou fason pou bay tete.

Healthy First Steps® –

Manm Plan

UnitedHealthcare

Community yo benefisye

pwogram sa a gratis. Li ka

konekte w avèk èd ak

resous espesyal. Ou ka

menm resevwa rekonpans

pou al fè tchèkòp pandan

gwosès la epi pandan

premye 15 mwa tibebe w la.

Pou enskri, rele nou gratis

nan **1-800-599-5985**,

TTY **711**, soti Lendi rive

Vandredi, apati 8 a.m. jiska

5 p.m.

UnitedHealthcare pa fè diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun nan soti, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante yo.

Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang, tankou lèt nan lòt lang, gwo lèt oswa ou ka mande yon entèprèt. Tanpri kontakte nimewo sèvis Kliyantèl nou an nan 1-888-716-8787, TTY/TTD 711, apati 8 a.m. jiska 7 p.m., soti Lendi rive Vandredi.

Spanish

Esta información está disponible de forma gratuita en otros idiomas como cartas en otros idiomas, letra grande, o puede pedir un intérprete. Por ejemplo, letras en otros idiomas o letra grande. También puede solicitar un intérprete. Por favor, póngase en contacto con nuestro número de servicio al cliente en 1-888-716-8787, TTY/TTD 711, de 8 a. m. a 7 p. m. de lunes a viernes.

Haitian Creole

Enfòmasyon sa a ki disponib gratis nan lòt lang tankou lèt nan lòt lang, gwo lèt, oswa ou ka mande yon entèprèt. Tankou, lèt nan lòt lang oswa gwo lèt. Oswa, ou ka mande yon entèprèt. Tanpri kontakte nimewo sèvis Kliyantèl nou nan 1-888-716-8787, 711 TTY/TTD, apati 8 a.m. jiska 7 p.m., soti Lendi rive Vandredi.